

Abashakashatsi ba UVMCMC bifatanije n'Icigwa c'Igihugu Gisuzuma Ugukurikirana Ububabare Mumutekano (National Study Evaluating Safer Pain Management) ku basoda bakomeretse n'Abanyagihugu basanzwe.

Abashakashatsi kuri Kaminuza ya Vermont bariko bagira uruhara mw'igerageza rya Prehospital Analgesia Intervention (PAIN) ririko rikorwa na Kaminuza ya Pittsburgh kandi rikaba rifashwe mumugongo muvuy'amahera n'Igisata co Kwivuna Abansi (Department of Defense). Icigwa kigereranya ugukora neza n'umutekano kw'imiti ibiri ikoreshwa hose mukuvura ububabare inyuma y'ugukomereka ku basoda n'abanyagihugu basanzwe babikunze.

Iyo miti ibiri ni Fentanyl, ariyo opioid, n'urugero rutoya rw'igipimo ca Ketamine, ariyo anesthetic. Icigwa, gitanguye mu mpera za 2024 kironkore na Daniel Wolfson, MD, Associate Professor of Emergency Medicine, na Ajai Malhotra, MD, Professor of Surgery and Trauma Medical Director of the Level-I Trauma Center muri UVMCMC.

Ubu bwangingo, iyo miti yompi irakoreshejwe hose muri Vermont n'abatanga ubuvuzi bw'imbere yo kuja mu bitaro (pre-hospital) kugira bakureho ububabare inyuma yo gukomereka. Ariko, ntaturamenya umuti ukora neza mu gukuraho ububabare kandi utekanye mukwirinda ingaruka zidahimbaye canke mbi. Icigwa kizofasha kwishura ibi bibazo kandi kizogirira akamaro bomp abasoda bakomerekeye kurubaga n'abanyagihugu basanzwe mu bantu muri rusangi, harimwo naba Vermonsters. Icigwa ni kimwe murukurikirane rw'ivyigwa vyafashwe mumugongo muvuy'amahera n'Igisata co Kwivuna Abansi (Department of Defense) biciye mu Ihuriro ry'ihuzwa ry'Amatohoza mu Ihahamuka na Seruvise Zihuta [Linking Investigations in Trauma and Emergency Services (LITES – www.litesnetwork.org)] kugira bamenyeshe imirongo ngenderwako y'ibikorwa vy'ubuvuzi no gushira kugihe amabwirizwa ngenderwako yahahora mu kwitaho ibikomere bibabaza cane bigatera ihahamuka.

“Fentanyl ikoreshwe hose mukuvura ububabare kubarwayi bafise ihahamuka ariko ishobora kugabanya urugero rw'impwemu n'umuvuduko w'umurindi w'amaraso, bishobora kugirira nabi umuntu yakomeretse kandi rimwe na rimwe bigatuma hakenerwa icuma gifasha guhema. Hariho kandi ingeramizi yo kubaho igihe kinini ufata opioid. Urugero rutoya rw'igipimo ca ketamine rurakora neza mugukurikirana ububabare kandi rushobora kugabanya ingeramizi zijanye no gufata opioids, ariko rurashobora gutera ingaruka nko gutwagwa n'ivyiyumviro, amaganya, no kwumva umengo nta bucuti ufiteye n'abandi,” vyavuzwe na Dr. Wolfson. Iki kibazo ni kinini cane mu gisoda. “Intumbero ni ugufasha igisoda gutanga ukwitaho kwiza kubantu bacu bakomeretse, mu kumenya umuti wambere mwiza wo gukuraho ububabare kandi umuti ufise ingaruka mbi nkeya z'igihe gito na kinini.” Dr. Malhotra yarongeyeko.

Icigwa kizokwandika abagwayi bakomeretse bashika 1000 bavuye mu bigo bikuru cumi na bibiri vy'inyigisho z'ubuvuzi muri Reta z'Unze Ubumwe (United States) bifise uruhara mw'ihuriro rya LITES Network. Aba bagwayi banditswe bazotogwa atagucagura kugira baronke vyibuze Fentanyl canke igipimo gitoya ca Ketamine kugira bakureho ububabare inyuma yo gukomereka. Abagwayi bose banditswe bazokurikiranwa neza vyompi kuvyo gukora neza mugukuraho ububabare no kubw'ingorane z'igihe gito na kanini. “Yompi Ketamine na Fentanyl irakoreshwa na Seruvise z'Ubuuvuzi Bwihuta muri Vermont nk'urugero ngenderwako mukuvura mu gukurikirana ububabare. Iki cigwa kizodufasha kumenya umuti utanga ubuvuzi bwiza mu kwitaho abagwayi mugihe ugabanya ingeramizi,” Dr. Wolfson yaravuze.

Uwariwe wese arashobora kuva mucigwa muguhamagara umugwi w'icigwa kuri 1-800-664-0557 canke kurungika ubutumwa ngurukanabumenyi (email) kuri PAINStudy@edc.pitt.edu kugira aronke ikirezi co KUTABA mu cigwa ca PAIN (“NO PAIN Study”). Kumakuru yiyongereye ja kuri www.ClinicalTrials.gov hama urabe kuri NCT05437575. Ni ivyiringirakamaro kuba Vermontors gutahura ko kuva mucigwa bitazobuza abagwayi bakomeretse kuronka umuti nkuko bitegekanijwe n'urugero ngenderwako rwo kubitaho, gusa mukwiyandikisha mu cigwa.

Ubu bushakashatsi bushigikiwe n'Igisata co Kwivuna Abansi (DoD) amasezerano W81XWH-16-D-0024 W81XWH-19-F-0539. Ivyiyumviro canke impanuro iyariyo yose yavuzwe muri ino nyandiko ni ivy'uwanditse (abanditse) kandi ntibisigurako ari ivyiyumviro vy'Igisata co Kwivuna Abansi (Department of Defense).